Утверждаю
зам. дир. по УВР
Алиев. М.

**МКОУ «МЕХЕЛЬТИНСКАЯ СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА»**

# План

## открытого урока

## по родному языку в 3 классе

## на тему:

# «Склонение имен прилагательных по родам».


**Подготовила и провела учитель начальных классов:**
**Оцомиева Патимат Хадисовна**


**Мехельта 2022**

**Дарсил тема:** Прилагательноял жинсазде хиси

**Дарсил мурадал:** каламалъул бут1а х1исабалда прилагательноялъул х1акъалъулъ баянал такрар гьари; жиб бухьараб раг1игун прилагательное жинсалъулъ рекъон ккезабизе малъи;
Прилагательное каламалъулъ х1алт1изабизе малъи;
Ц1алул ва хъвавул бажари борхизаби;
Бицанк1абазул кумекалдалъун лъималазул г1акълу ц1убай.

**УУД:** познавательные: суалазухъ балагьун, прилагательноязул жинс ч1езабизе лъай;
коммуникативные: группабазде рикьун, х1алт1аби т1уразаризе лъай;
личностные: прилагательноязул кумекалдалъун предметазухъ бугеб бербалагьи загьир гьабизе к1вей.

**Алатал:** т1ахьал, суратал, компьютер, проектор.

**План:**

1. Дарсиде х1адурлъи.
2. Рокъобе х1алт1и ц1ехей.
3. Авар мац1алъе хасиятал х1арпал ва гьаркьал такрар гьари. Предложениял г1уц1и.

4 Зарядка гьаби.
5. Бицанк1аби кьей
6. Фронталияб опрос.
7. Ц1ияб тема малъи.
7. Х1алт1аби. Г1онк1к1от1анч1ил хабар
7. Словарияб х1алт1и.
8. Х1асил гьаби. Кицаби.
9. Рокъобе х1алт1и кьей.

**Дарсил ин:**

**1.Дарсиде х1адурлъи.**

Доскаялда къо, моц1 хъвала, ц1алул ва хъвавул алатал лъималазухъ ругищали хал гьабила.

3. Рокъобе х1алт1и ц1ехей.
   Куч1дул. Дир ват1ан.
   Берал, нужеда лъана
   Чанги бат1ияб х1икмат…

**3..Хасал х1арпал такрар гьари.**

Гъ, гь, г1, т1, ч1, къ, кь, к1, хъ, хь, х1, лъ, ц1

Гъ гъ

Гъалбац1ал гъанц1уларо,
Гъулгъудула, гъугъала.
Гъудулги гъаруларо,
Гъот1ода гъапуллъула

Гь гь

Гьобол гьабихъ вук1ана,
Гьой рагьда ч1ун бук1ана,
Гьоболлъи гьабизеян
Гьабигьанги жувана.

Г1 г1

Г1али г1ияда вуго,
Г1иял маг1арда руго;
Г1ачивехь Г1усман вуго,
Г1ачи г1алхуда руго.

К1 к1

К1иябго кини к1ик1ун,
К1одоца ниж хьихьана;
К1одолъидал к1иязго
К1одоги хьихьун йиго.

Лъ лъ

Лъай бокьулел лъималаз
Лъик1аб къимат босула,
Лъик1лъи лъач1ел лъималаз
Лъай биччала лъарае.

Т1 т1

Г1одобе т1имугъ рехун,
Т1агьир т1охде вахана,
Т1илгун г1иялде унев
Т1айгинида бер ч1вана

Хъ хъ

Рахъ бахъун, Хъазамица
Хъабхъал ч1ана паст1анир,
Хъазан ц1ун, хъабхъал релъун,
Хъач1аб хасел лъик1 ана.

Хь хь

Муса вуго хьулхьулев,
Хьодол урба къвариг1ун,
Хьунда бачал хьихьани,
Хьон кьелин эбел йиго.

Х1 х1

Бищун ч1ух1араб х1ули
Х1елкилин Х1абиб вуго,
Х1асан т1ирун ч1ун вуго
Т1айпусил х1ули бугин.

Ч1 ч1

Х1анч1и руго ч1ирч1илел
Ч1алг1анин хаселилан,
Ч1обогояб ч1ар хъирщун,
Ч1аголъи лъугьунарин

Ц1 ц1

Ц1адудаса ц1унизе

Ц1 одорлъи г1еч1олъиялъ
Чан ц1ияб ц1аракиха
Ц1уллъун бух1ун рехараб

Кь кь

Кьуни, кье микьирилан,
Кьванагьдулев вуго вас;
Кьог1аб барщичеб микьир
Мусаеги кин кьелеб

Г1 г1

Г1али г1ияда вуго,
Г1иял маг1арда руго;
Г1ачивехь Г1усман вуго,
Г1ачи г1алхуда руго.

Къ къ

Гьале къоял къокълъана,
Бакъул бух1и къот1ана;
Къункърабиги къокъана
Къирбалалде балагьун

***Раг1аби ва предложениял хъвай***

Жиб-жиб хасаб х1арпгун 2-3 раг1и абила ва хъвала.
Г1 – г1ака, г1ин, г1еч
Гъ – гъалбац1, гъадаро, гъуд
Гь – гьой, гьоло, гьан
Къ – къали, къо, къадако.

**4.Зарядка гьаби.**

Цо, к1иго, лъабго, ункъо, щуго, анлъго, анкьго, микьго, ич1го, анц1го

**5. Бицанк1аби.**

Т1асахун г1урччинчараб,
Чохьонисан баг1араб,
Чакар г1адин гьуинаб,
Гьаб щиб бат1ияб т1аг1ам?



Гьаракь к1удияб к1их1ат1илаб саг1ат?



**6. Фронталияб опрос.**

- Бицанк1оялъе жаваб бугоха нилъер хъарпуз. Балагье сураталде.

- Нилъер хъарпуз кинаб бугеб? Баг1араб, гьуинаб, чакар г1адаб, т1асан г1урччинаб….

- Гьуинаб, баг1араб, т1огьилаб…. – кинаб суал кьезе бегьулеб гьел раг1абазе? Кинаб?

К1иабилеб сураталде балагье. Гьай щий?



Яс кинай ?

Берцинай, гьит1инай, аваданай, разияй, х!еренай….

Хадусеб сурат. Щиб бихьулеб бугеб?

Гьал щал?



Кинал лъимал?

Гьит1инал, берцинал, аваданал, разиял ……

**Кьерал.**



хъах1аб, хъах1илаб, г1урччинаб, ц1ах1илаб, т1огьилаб, манаршияб, ч1ег1ераб, баг1араб,

- Бит1ун буго, лъимал. Нилъеда бич1ч1ана прилагательнозул кинал суалал рук!унеяли.

Слайд.

Кинаб? Кинай? Кинав? Кинал?

**Кинав? Кинай? Кинаб? Абулел суалазе жаваблъун рач1унел раг1абаз предметалъул г1аламат, ай предметалъул форма, кьер, роцен, т1аг1ам ва цогидалги г1аламатал рихьизарула.**

Гьел киналго раг1абазда абула…. кин?

**Прилагательноял.**

**7. Ц1ияб тема малъи.**

**Прилагательноялъул жинс предметияб ц1аралъул жинсалда рекъон ч1езабула.**

Щий? Щив? Щиб?

Щий? – эбел. Кинай эбел? – йокьулей, берцинай, хирияй, х1еренай, лъик1ай, ц1одорай, сабурай,

Щив? – эмен? Кинав эмен? – вокьулев, берцинав, х1еренав, тамахав, хирияв, сабурав…

Щиб? – лъимер. Кинаб лъимер? Берцинаб, бокьулеб, гьит1инаб, аваданаб…

**8.Х1алт1аби т1урай.**

**Кьураб мисалалда рекъон, предложениял г1уц1е ва хъвай.**

Хирияб г1агараб Ват1ан бокьула дие.

______ ________ эбел ______ _____.

______ _______ Дагъистан _____ ___.

______ _______ муг1рул _______ ___

**Г1онк1к1от1анч1ил хабар.**

Эбел, дида к1иго х1айван бихьана. Цояб квешаб, цогияб лъик1аб. Квешалъул ч1ег1ерал х1ат1ал, баг1араб т1емет1и, хъвалсарал берал, к1ич1араб мег1ер буго. Гьеб, цо х1ат1идаги ч1ун, г1ег1едула.

Лъик1алъул хъах1аб габур, ц1ах1илал х1ат1ал, ц1икарал берал руго. Гьеб мимидула.

- Кинал х1айваназул х1акъалъулъ бицунеб бугеб? Т1ач1ица бицараб жоялда г1унк1к1 разилъулищ?





**9. Словарияб х1алт1и.**

Тексталдаса прилагательноял хъвай. Гьел г1урус мац1алде руссинаре.

Квешаб - плохой

Лъик1аб - хороший
Ч1ег1ерал – черные
Баг1арал – красные
Хъвалсарал – косые
К1ич1араб – кривой
Хъах1аб – белый
Ц1ах1илал – серые
Ц1икарал – блестящие

**10. Х1асил гьаби.**
Кицаби.
К1вах1алав чи г1одов ч1унги свакала.
Гьит1инаб к1алалъ к1удияб раг1и бицунге.
Лъик1аб гьудуллъи хазинаялдаса хирияб.

- Прилагательноялъ щиб бихьизабулеб?
- Кинал суалазе жаваблъун бач1унеб?
- Г1аксаб маг1наялъул прилагательноязе мисалал раче.
- Г1ага-шагараб маг1наялъул прилагательноязе мисалал раче.

**11. Рокъобе х1алт1и №237**

# ОТЗЫВ

об уроке/занятии

Озаниевой Р. Х. уч. нач. классов МСОШ

(Ф.И.О. педагогического работника, должность, место работы)

„Склонение имён прилагательных по родам". 4.02.2022 г.

(тема и дата проведения мероприятия)

| № | Критерии | Баллы |
|---|---|---|
| 1 | Цели занятия, его план **были открыты** обучающимся, **конкретны и побудительны** для них | 2 |
| 2 | Замысел занятия реализован | 3 |
| 3 | Содержание урока оптимально (научно, доступно) | 3 |
| 4 | Проблемный характер изложения учебного материала | 3 |
| 5 | Обучающиеся имели **возможность выбора** форм и средств работы, вариантов представления результатов | 3 |
| 6 | Были созданы условия для **актуализации опыта** обучающихся, их личностного общения | 4 |
| 7 | Занятие способствовало формированию **ключевых компетенций:** | |
| | *в предметной области* | 3 |
| | *в области информационных технологий* | 3 |
| | *в проектно-аналитической деятельности* | 3 |
| | *в исследовательской деятельности* | 4 |
| | *в плане продолжения образования и эффективного самообразования* | 4 |
| 8 | Занятие способствовало развитию **качеств личности:** | |
| | *коммуникативность, способность к эффективному общению, регулированию конфликтов* | 4 |
| | *критическое мышление* | 4 |
| | *креативность, установка на творчество* | 3 |
| | *самостоятельность и ответственность* | 3 |
| | *рефлексивность, способность к самооценке и самоанализу* | 3 |
| | *толерантность, уважение к межкультурным и прочим различиям* | 3 |
| 9 | Занятие способствовало расширению **общекультурного кругозора** | 4 |
| 10 | Занятие помогло обучающимся в ценностно-смысловом самоопределении | 4 |
| 11 | Обучающиеся получили помощь в **решении значимых для них проблем** | 3 |
| 12 | Педагог сумел заинтересовать обучающихся, владел аудиторией | 3 |
| 13 | **Комфортность образовательной среды:** материально-техническое обеспечение, удобство расстановки рабочих мест | 4 |
| 14 | **Качество методического обеспечения** (пособия, раздаточные материалы, материалы на электронных носителях и пр.) методы обучения и контроля адекватны возможностям обучающихся | 3 |
| 15 | **Психологическая комфортность:** благоприятный климат (доброжелательность, личностно-гуманное отношение к обучающимся) | 3 |
| 16 | **Партнерский стиль** отношений педагога и обучающихся | 3 |
| | **Всего баллов:** | 82 |

Вывод: Все части урока взаимосвязаны друг с другом

Эксперт Амагаева Хабизат Шарудиновна. [подпись]

(Ф.И.О., должность, место работы) (подпись)

1. Предлагается оценить каждую из позиций по следующей шкале:
2. Достигнуто в высокой степени 4 балла
3. Достигнуто почти в полной мере 3 балла
4. Достигнуто частично 2 балл
5. Достигнуто в малой степени 1 балл
6. Не достигнуто (или не входило в цели) 0 балл Вывод:
7. от 60 до 80 баллов - отзыв положительный
8. свыше 80 баллов - отзыв положительный, рекомендую тиражирование опыта

# ОТЗЫВ

об уроке/занятии

Омашевой П.Х., уч. нач. классов МСОШ

(Ф.И.О. педагогического работника, должность, место работы)

„Склонение имён прилагательных по родам"- 4.02.22 г.

(тема и дата проведения мероприятия)

| № | Критерии | Баллы |
|---|---|---|
| 1 | Цели занятия, его план **были открыты** обучающимся**, конкретны и побудительны** для них | 3 |
| 2 | Замысел занятия реализован | 2 |
| 3 | Содержание урока оптимально (научно, доступно) | 3 |
| 4 | Проблемный характер изложения учебного материала | 3 |
| 5 | Обучающиеся имели **возможность выбора** форм и средств работы, вариантов представления результатов | 4 |
| 6 | Были созданы условия для **актуализации опыта** обучающихся, их личностного общения | 3 |
| 7 | Занятие способствовало формированию **ключевых компетенций:** | |
| | *в предметной области* | 3 |
| | *в области информационных технологий* | 3 |
| | *в проектно-аналитической деятельности* | 3 |
| | *в исследовательской деятельности* | 4 |
| | *в плане продолжения образования и эффективного самообразования* | 3 |
| 8 | Занятие способствовало развитию **качеств личности:** | |
| | *коммуникативность, способность к эффективному общению, регулированию конфликтов* | 3 |
| | *критическое мышление* | 4 |
| | *креативность, установка на творчество* | 4 |
| | *самостоятельность и ответственность* | 3 |
| | *рефлексивность, способность к самооценке и самоанализу* | 4 |
| | *толерантность, уважение к межкультурным и прочим различиям* | 4 |
| 9 | Занятие способствовало расширению **общекультурного кругозора** | 3 |
| 10 | Занятие помогло обучающимся в ценностно-смысловом самоопределении | 3 |
| 11 | Обучающиеся получили помощь в **решении значимых для них проблем** | 3 |
| 12 | Педагог сумел заинтересовать обучающихся, владел аудиторией | 4 |
| 13 | **Комфортность образовательной среды:** материально-техническое обеспечение, удобство расстановки рабочих мест | 4 |
| 14 | **Качество методического обеспечения** (пособия, раздаточные материалы, материалы на электронных носителях и пр.) методы обучения и контроля адекватны возможностям обучающихся | 4 |
| 15 | **Психологическая комфортность:** благоприятный климат (доброжелательность, личностно-гуманное отношение к обучающимся) | 3 |
| 16 | **Партнерский стиль** отношений педагога и обучающихся | 3 |
| | **Всего баллов:** | 83 |

Вывод: В конце урока была проведена рефлексия, дети сами оценили свою деят-ть и достигнутые результаты.

Эксперт Набиева Марина Магомедовна (подпись)

(Ф.И.О., должность, место работы) (подпись)

1. Предлагается оценить каждую из позиций по следующей шкале:
2. Достигнуто в высокой степени 4 балла
3. Достигнуто почти в полной мере 3 балла
4. Достигнуто частично 2 балл
5. Достигнуто в малой степени 1 балл
6. Не достигнуто (или не входило в цели) 0 балл Вывод:
7. от 60 до 80 баллов - отзыв положительный
8. свыше 80 баллов - отзыв положительный, рекомендую тиражирование опыта